

Pwogram Asistans pou Enèji nan Kay Etranje ki Kalifye

Yo etranje ki kalifye se yon moun ki satisfè youn nan kondisyon ki annapre yo:

- Jwenn estati rezidan pèmanan kòm etranje dapre Lwa sou Imigrasyon ak Nasyonalite (INA) a; oswa
- Jwenn azil dapre seksyon 208 INA; oswa
- Yon refijye yo aksepte nan Etazini dapre seksyon 207 INA; oswa
- Yon etranje nan Etazini ki nan libète kondisyonèl dapre seksyon 212(d)(5) INA pou omwen yon ane; oswa
- Ki gen depòtasyon li ki te sispann dapre seksyon 243(h) INA, jan sa an vigè anvan 1 avril 1997, oswa ki gen ekspilsyon ki te sispann dapre seksyon 241(b)(3) INA; oswa
- Jwenn antre kondisyonèl dapre seksyon 203(a)(7) INA ki an vigè anvan 1 avril 1980; oswa
- Jwenn estati kòm Kiben oswa Ayisyen ki antre, jan sa defini nan seksyon 501(e) nan Lwa sou Asistans Edikasyon Refijye (Refugee Education Assistance Act) ane 1980 an; oswa
- Sèten etranje yo bat oswa etranje ki viktim trafik moun jan sa defini nan 8 U.S.C. 1641(c); oswa
- Endyen Nò Ameriken ki fèt nan Kanada ke dispozisyon seksyon 289 Lwa sou Imigrasyon ak Nasyonalite a aplike pou li; oswa
- Yon manm nan yon tribi endyen yo rekonèt nan nivo federal, epi ki defini nan seksyon 4(e) nan Lwa pou Asistans pou Edikasyon ak Oto-detèminasyon Endyen (25 U.S.C. 5304(e)), ki te fèt andeyò Etazini; oswa
- Admèt nan Etazini kòm imigran Ameriken orijin Azyatik jan sa dekri nan seksyon 402(a)(2)(A)(i)(V) nan Lwa sou Responsablite Pèsonèl ak Rekonsilyasyon Opòtinite Travay ane 1996 (8 U.S.C. 1612(a)(2)(A)(v)); oswa
- Kèk manm tribi Hmong oswa Highland Laotian; oswa
- Sèvis militè aktif, ki pa sèvis aktif pou fòmasyon, nan Fòs Lame Amerikèn, oswa mari/madanm yo, mari/madanm sivivan ki pa marye ankò, oswa pitit depandan ki pa marye si mari/madanm oswa pitit depandan sa a se yon etranje tou ki kalifye; oswa

- Etranje yo ki kalifye ki se veteran epi ki (1) te resevwa yon dechaj nan Fòs Lame Amerikèn ki karakterize kòm onorab men se pa akòz li soti aletranje, oswa ki (2) gen yon kondisyon ki kalifye, jan sa defini nan seksyon 350 nan Lwa Egzekitif Eta New York la, epi li te resevwa yon dechaj ki pa move konduit oswa dezonorab (epi se pa akòz li soti aletranje) nan fòs lame yo, oswa (3) se veteran LGBT ki gen dechaj, jan sa defini nan seksyon 350 nan Lwa Egzekitif Eta New York la, epi te resevwa yon dechaj ki pa move konduit oswa dezonorab (epi se pa akòz li soti aletranje) nan fòs lame yo; oswa mari/madanm yo, mari/madanm sivivan ki pa marye ankò, oswa pitit depandan ki pa marye si mari/madanm oswa pitit depandan yo se etranje tou nan yon estati kalifye; oswa
- Jwenn libète kondisyonèl imanite Afgan dapre seksyon 212(d)(5)(A) Lwa sou Imigrasyon ak Nasyonalite ki (1) te jwenn libète kondisyonèl nan Etazini ant 31 jiyè 2021 ak 30 septanm 2022, oswa (2) te jwenn libète kondisyonèl nan Etazini apre 30 septanm 2022 epi yo se: (a) mari oswa madanm oswa pitit yon moun ki evakye ki soti nan Afganistan ki jwenn libète kondisyonèl ant 31 jiyè 2021 ak 30 septanm 2022, oswa (b) paran oswa responsab legal yon timoun ki pa akonpaye ki jwenn libète kondisyonèl ant 31 jiyè 2021 ak 30 septanm 2022; oswa
- Viktim yon fòm trafik moun grav ki resevwa yon sètifikasyon oswa lèt kalifikasyon nan men Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini dapre Lwa 2000 sou Pwoteksyon pou Viktim Trafik ak Vyolans, jan sa amande; oswa
- Jwenn libète kondisyonèl imanite Afgan dapre seksyon 212(d)(5) Lwa sou Imigrasyon ak Nasyonalite oswa 8 U. S. C. 1182(d)(5) ki (1) te jwenn libète kondisyonèl nan Etazini ant 24 fevriye 2022 ak 30 septanm 2023, oswa (2) te jwenn libète kondisyonèl nan Etazini apre 30 septanm 2023 epi yo se: (a) mari oswa madanm oswa pitit yon sitwayen oswa resòtisan Ikrèn, oswa yon ki te abityèlman rete Ikrèn kòm dènye kote, ki jwenn libète kondisyonèl nan Etazini ant 24 jiyè 2022 ak 30 septanm 2023, oswa (b) paran, responsab legal oswa swayan prensipal yon timoun ki pa akonpaye ki se sitwayen oswa nasyon Ikrenyen epi timoun lan te jwenn libète kondisyonèl nan Etazini ant 24 fevriye 2022 ak 30 septanm 2023; oswa
- Resòtisan Irakyan ak Afgan ke yo te bay estati imigran espesyal dapre seksyon 101(a)(27) nan Lwa sou Imigrasyon ak Nasyonalite a oswa seksyon 602(B)(1) nan Lwa sou Pwoteksyon Alye Afgan yo nan ane 2009 (AAPA)/seksyon 1059(a) nan Lwa sou Aksyon Otorizasyon Defans Nasyonal (NDAA) la nan ane 2006.